

# ÒDINANS POU ESTRIKTI KI PA AN SEKIRITE

Demenaje nan bildin  
ou pou rezon sekirite?

KONNEN  
DWJA W



## POU KI SA LI NESESÈ?

Apre Champlain Tower South nan Surfside, Florida te tonbe a, ofisyèl gouvènman an mennen demach pou anpeche trajedi sila yo nan lavni. Sa te fè ke yo deklare anpil bildin ki pa an sekirite. Nouvèl òdinans la ekzije kèk pwopriyetè pou yo founi lojman tanporè si yo deklare ke bildin kote w ap viv la pa an sekirite. Òdinans la chita nan Seksyon 8-5 nan Kòd Konte Miami-Dade la e li te antre an vigè 11 mas, 2022.

## ANVAN ÒDINANS LA


Pwopriyetè yo raman te konn bay lojman tanporè lè yo deklare ke bildin yo a pa an sekirite.

## APRE ÒDINANS LA

Si w dwe demenaje kite bildin ou pou rezon sekirite eke yon ofisyèl detèmine ke se fòt pwopriyetè a, pwopriyetè a dwe relokalize rezidan yo nan yon lòt lojman.

## APRE YON MANDA KI BAY LÒD POU DEMENAJE KITE BILDIN OU A:

- Pwopriyetè a gen 8èd tan pou fè aranjman pou lojman tanporè pou wou.
- Pwopriyetè a dwe bay lojman tanporè pou omwen twa mwa oswa jiskaske pwopriyete a vin an sekirite.
- Si pwopriyetè a pa fè sa, konte a kapab bay lojman oswa manje annijans pou sèt jou.
- Si pwopriyetè a pa fè aranjman pou relokalizasyon apre sèt jou, lè sa konte a kapab ba w asistans finansyè jiska twa mwa lwaye.
- Konte a gen pouwwa men li pa oblige ba w asistans epi chèche jwenn ranbousman nan men pwopriyetè a.
- Si yon pwopriyetè prive pa ba w Notis pou estrikti ki pa an Sekirite nan yon delè 14 jou lè sa ou kapab asiyen sou Dekrè Lwa sou Lokatè.



Eskane pou plis enfòmasyon



4343 West Flagler Street, Suite 100  
Miami, Florida 33134

[www.legalservicesmiami.org](http://www.legalservicesmiami.org)